



Pou Piblikasyon Imedya: 21/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSMAN PWOJÈ RENOVASYON 21 MILYON DOLA A NAN SAL MIZIK KLEINHANS LA

Pwojè a ap modènize epi remete anèf Enstitisyon Kiltirèl ki gen renome mondyal la

Foto pwojè a disponib [Isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse konstriksyon an kòmanse nan yon pwojè renovasyon 21 milyon dola nan Sal Mizik Kleinhans la, yon destinasyon ar ak kilti klas mondyal ki sitiye nan Buffalo. Pwojè a ap modènize epi remete anèf Moniman Istorik Nasyonal la epi evite plis deteryorasyon. Gouvènè Hochul te [anonse](#) resaman yon finansman 8 milyon dola nan bidjè Ane Fiskal 2023 a pou pwojè a, anplis jiska 1 milyon dola sibvansyon ki soti nan Empire State Development.

"Lar enpòtan anpil pou kwasans ekonomik ak sante kominotè nan Eta New York, epi Kleinhans se yon fòs kiltirèl ki vital nan Lwès New York," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan plizyè deseni, Sak Nuzuj Kleinhans la, kote fanmi mwen ak mwen te amize nou le swa nan odyans lan, te atire vizitè ak repitasyon li ki te youn nan meyè sal konsè nan mond lan. Pwojè sa pèmèt nou kontinye fè Kleinhans yon plans modèn ki akeyan pou vizitè yo eksperimante amizman dekalite ak kilti pou deseni k ap vini yo."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Renovasyon nan Sal Mizik Kleinhans yo enpòtan anpil pou sekirite ak amizman piblik ak vizitè nan lokal istorik sa, ki se yon pati kle nan idantite kiltirèl ak vitalite ekonomik Lwès New York. Gras ak Gouvènè Hochul, modènizasyon enfrastrikti sa yo asire ke sèn Kleinhans lan pare pou jenerasyon k ap vini yo."

Sal Mizik Kleinhans lan, ki sitiye nan Symphony Circle te sèvi Lwès New York pandan 82 lane epi li se yon motè ekonomik pou rejyon an. Se Vil Buffalo ki mèt li epi li jere pa Kleinhans Music Hall Management Inc., yon òganizasyon san bi likratif. Sal ikonik lan te konstui an 1939, se Eliel ak Eero Saarinen ki te konsevwa l, epi li espas pèfòmans ak repetisyon pou Òkès Filamonik Buffalo, Seri Babel Sant Literè Just Buffalo Literary Center, Buffalo Chamber and Music Society; epi yo lwe li pou anpil selebrasyon lekòl, kominote, ak fanmi. Òkès Filamonik Buffalo a akeyi tout elèv Lekòl Piblik Buffalo nan 1ye rive nan 5yèm ane pou yon pèfòmans nan Kleinhans, ki bay yon total 24,000

timoun chak ane. Yon lòt 16,000 elèv ki soti nan Lwès New York deplase tou nan Kleinhans pou pèfòmans chak ane. Chak ane, Kleinhans akeyi apeprè 200 evènman avèk apwoksativman 200,000 moun ki prezan.

Daniel Hart, Direktè Kleinhans, te deklare, "Antanke gadyen bilding mayifik sa nan patenarya ak Vil la, nou kontan anpil ke Gouvènè Hochul te pran angajman enkwayab sa nan pwojè enpòtan sa. Sipò sa, ansanm ak sipò lòt patnè yo ki enkli Vil Buffalo ak Konte Erie, te transfòme efò sa rapidman de yon rèv a reyalyte. Pou n pale pou Konsèy Direksyon Kleinhans nou an, nou kwè ke bagay ki pi enpòtan nou ka fè se prezève epi amelyore bilding lan pou yo ka kontinye pwofite de li pou jenerasyon k ap vini yo. Jounen sa reprezante yon vrè etap enpòtan nan objektif sa."

Aprè plizyè deseni itilizasyon, an pratik chak kwen nan bilding Kleinhans la bezwen reparasyon oswa sipò, ki enkli deyò, andedan, plonbri, twati, sousòl, elektrik, pòt, sekirite piblik ak HVAC li. Faz sa nan pwojè a ap reyalyze sa ki annapre yo:

- Finisyon yon nouvo twati konplè (sa kounye a gen 40 tan).
- Nouvo chodyè vapè santral / sistèm retou kondansa sou vid pou chodyè a vapè modilè efikas. Y ap achte epi enstale sistèm konfigirasyon dlo.
- Modènize sistèm chofaj, vantilasyon ak è kondisyone. Gwo eleman ekipman ak sistèm kontwòl yo ap mande ranplase: Nouvo vantilatè ak kondui ekstraksyon yo; epiratè vapè toupatou; kontwòl BMS kwen devan yo; HVAC oditoryòm prensipal la; santral trètman lè nan sousòl Sal Livingston yo.
- Sekirite moun / efikasite enèji. Modènizasyon sistèm ensandi ak detektè lafimen; enstale nouvo pwoteksyon pou moun pa tonbe sou plafon sou sèn lan; y ap modènize ekleraj deyò (paking, nan ovan nò ak sid), y ap modènize ekleraj andedan nan tout espas yo pou efikasite enèji.
- Sistèm jeneral imèb la. Y ap enstale yon nouvo liy pou basen reflè a. Y ap ranplase fenèt yo. Y ap pwograme penti ak plat tout kote pandan tout dire pwojè a.

Pwojè sa ap fè revitalizasyon anba lavil la avanse, l ap ofri yon espas pèfòmans modèn, referans entènasyonal nan youn nan youn a de a twa kilomèt de distri komèsyal santral Buffalo a. Se yon investisman kominotè estratejik, akòz katye ki sou kote toupre yo te obsève investisman ak kwasans ekonomik nan deseni ki pase a. Pwojè a responsab sou plan anviwònman tou; jesyon dlo, elektrisite ak gaz nan modènizasyon sistèm yo ap bay plis efikasite k ap fè ekonomi lajan ak resous natirèl.

Vil Buffalo, Konte Erie, Manm Asanble Jon Rivera te bay sipò siplemantè pou pwojè renovasyon an, ak angajman sektè prive a.

Senatè Eta Tim Kennedy, te deklare, "Pandan plis pase uit deseni, Kleinhans te sèvi kòm yon enstitisyon ikòn nan Vil Buffalo, ki favorize yon angajman ak lar, mizik, ak kominote. Investisman sa ap bay efikasite, sekirite ak aksè nan Sal Mizik la priyorite, epi asire ke li rete yon pati entèn nan vil nou an pou jenerasyon k ap vini yo."

Manm Asanble Jon D. Rivera te deklare, "Antanke yon trezò istorik nan distri mwen an, Kleinhans se yon atou enpòtan nan kominote nou an ak yon repitasyon entènasyonal antanke yon sal konsè ekstraòdinè. Enfrastrikti bilding lan ki te ouvri an 1940, egzije atansyon ak reparasyon mekanik kounye a. Mwen plis pase fyè ke biwo mwen an te an mezi pou sekirize finansman sibvansyon an pou ede pwojè sa epi asire ke jenerasyon amoure mizik Buffalo alavni yo ap kapab pwofite de kad klas mondyal la ak pèfòmans ke Kleinhans toujou bay yo."

Egzekitif Konte Erie Mark Poloncarz te deklare, "Kalite lavi nan kominote nou oan ap amelyore pa modènizasyon ak amelyorasyon sa yo nan Sal Mizik Kleinhans an. Pwojè renovasyon sa ap ranfòse kominote atistik la an jeneral nan Konte Erie epitou, l ap jwe yon wòl enpòtan nan revitalizasyon kontini ekonomi lokal nou an. Lè nou prezève epi amelyore estrikti istorik sa, se yon investisman ki saj ke rezidan ak vizitè rejyon nou an ap apresye nan Lwès New York pou anpil ane k ap vini."

Majistra Byron W. Brown te deklare, "Pandan 82 lane ki pase yo, Sal Mizik Kleinhans te yon bijou nan pòtfey kiltirèl ak achitekti klas mondyal Buffalo a, men li ap afiche laj fizik li e li lè li tan pou gwo modènizasyon. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Empire State Development Corporation pou kontribisyon jenere pwojè renovasyon 21 milyon dola yo pou Eta New York ki ankou. Depi 2016, administrasyon mwen an te envesti plis pase 2.6 milyon dola pou konsève trezò sa ke Vil la posede, epi mwen fyè pou kontribye 2.2 milyon dola nan pwojè sa k ap sekirize etablisman mayifik sa pou jenerasyon k ap vini yo pwofite."

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou Kleinhans nan <https://kleinhansbuffalo.org/>.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418